

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEYOGRAFI**

Mèkredi, 29 janvyè 2003 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Esplikasyon (1 – 50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 Etid listwa anba bouch moun, oswa ak prèv akeyolojik, ak istwa kiltirèl se metòd moun sa yo itilize pi souvan

- (1) ekonomis
- (2) antwopològ
- (3) filozòf
- (4) politikològ

2 Lè l ap etidye ansyen sivilizasyon yo, yon jeyograf ta pi entere pou li gade

- (1) lang tankou yon mwayen pou moun ekspriye tèt yo
- (2) konstitisyon familial
- (3) enflyans klima sou pwodiksyon manje
- (4) estanda pou kòmande

3 Pifò sosyete tradisyonèl yo

- (1) gen lyen pwòch ak anviwonman natirèl la
- (2) nan kote ki tou pre zòn gran vil yo
- (3) òganize tout otou sistèm ekonomik konplèks
- (4) depann sou fabrikasyon

4 Youn nan rezon sivilizasyon Huang He, Endou ak Nil yo te sanble se paske yo chak

- (1) fleri paske yo te fè komès sèl ak lò
- (2) devlope relijyon monoteyis
- (3) sibi envazyon youn apre lòt
- (4) te kòmanse nan vale larivyè

5 Kòd Hammurabi ak Douz Tab yo (*Twelve Tables*) te fèt pou

- (1) kreye yon sosyete ki estab
- (2) ankouraje relasyon peizib ak lòt kilti
- (3) bay yon kad pou devlopman demokrasi
- (4) ensiste sou enpòtans lavi apre lanmò

6 Ak ki relijyon mo Brahma, dharma ak moksha gen yon asosyasyon ki pi pwòch?


- (1) Jidayis
- (2) Islam
- (3) Endouwis
- (4) animis

7 Konstantinòp te vin tounen sant Anpi Bizanten an paske

- (1) lepap te fè l kapital monn kretyen an
- (2) se te yon sant relijye pou mizilman
- (3) kote li te ye a te fè li tounen kafou ant Ewòp ak Azi
- (4) jeyografikman li te izole de anpi ki te tout otou li yo

Baze repons ou pou kesyon 8 la sou grafik ki pi ba la a epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Kantite tan yo te espere pou yon moun viv nan Angletè nan epòk medyeval la
1276 – 1375



Sous: *World History Strategies*, Glencoe (adapte)

8 Rezon prensipal ki fè te gen tandans yo montre nan grafik la nan Angletè se

- (1) grangou
- (2) maladi
- (3) imigrasyon
- (4) yon to nesans ki pi ba

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou kat ki pi ba la a yo epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Anpi Mongòl la vè 1300



Sous: H. Braun, L. Forman, H. Brodsky, *Reviewing Global History and Geography*, AMSCO (adapte)

- 9 Rezon ki fè te gen Gran Miray la (*Great Wall*) se te pou
- (1) pwoteje chinwa yo kont tribi nomad ki te soti nan Azi Dinò ak nan Azi Santral
 - (2) te bay manje depi nan sid rive jis Khanbalik (*Beijing*)
 - (3) kontwole dlo inondasyon larivyè Huang He ak larivyè Chang Jiang
 - (4) pwoteje vil bò lanmè Gwangzhou a (*Guangzhou*)
- 10 Kiyès nan deklarasyon sa yo ki sipòte enfòmasyon ki sou kat la pi byen?
- (1) Vè 1300, Anpi Mongòl la te rive nan Lanmè Wouj (*Red Sea*).
 - (2) Anpi Mongòl la te kontwole End ak Japon vè 1300.
 - (3) Vè 1300, Mongòl yo te konkeri pifò nan Ewòp.
 - (4) Anpi Mongòl la te kontwole yon gwo pòsyon an Azi vè 1300.

- 11 Youn nan rezon kòd galantri ann Ewòp la ak kòd Bushido nan Japon an te sanble se paske entansyon toude kòd yo se te pou
- (1) dirijan an kontwole pèp li
 - (2) gide konpòtman klas gèrye a
 - (3) benefisye tout klas sosyal yo
 - (4) sipòte ide revolisyonè yo

- 12 Kaligrafi ki desine ak anpil atansyon, jaden Zen yo, ak seremoni te a se egzanp
- (1) atizana Mansa Musa nan Tombouktou (*Timbuktu*)
 - (2) reyalizasyon Refòm Pwotestan an (*Protestant Reformation*)
 - (3) kilti japonè depi okòmansman
 - (4) reyalizasyon nan Florans nan epòk Renesans lan (*Renaissance Florence*)

13 Ki tit ki ta pi bon pou pòsyon nan gran liy ki pi ba la a yo?

- I. _____
- A. Volonte pou pa gen obligasyon feyodal yo
 - B. Defans Latè Sent (*Holy Land*)
 - C. Padon pou peche
 - D. Volonte pou jwenn richès ki nan Mwayen Oryan

- (1) Rezon pou Refòm nan
- (2) Rezon Ewopeyen pou Konbat Kwazad yo
- (3) Lakòz Echèk Anpi Women an
- (4) Rezon ki fè te gen Separasyon ant Legliz nan Ès yo ak Legliz nan Wès yo

14 Pandan ane 1500 yo, pwogrè teknolojik nan navigasyon, nan jeni maritim, ak nan katografi te kontribye dirèkteman nan kòmansman

- (1) Anpi Gupta a
- (2) Anpi Mongòl la
- (3) Epòk Eksplorasyon
- (4) asosyasyon medyeval

15 Relansman kilti grèk ak women an, kwasans ekonomik vil ak eta italyen yo nan ane 1400 yo, ak devlopman imanis se te aspè

- (1) Epòk Revolisyon yo
- (2) Refòm Pwotestan
- (3) Pwopagasyon Islam
- (4) Renesans Ewopeyen

16 Lè Hernán Cortés te konkeri Tenochtitlán an 1521, konsekans dirèk sa te pote, se te

- (1) ekspilyon jwif ak mizilman nan Espay
- (2) etablisman wout komèsyal pòtigè toupatou nan Afrik
- (3) Echèk Anpi Aztèk la
- (4) konkèt Wayòm Kush la (*Kush Kingdom*)

17 Siksè sistèm echanj triyangilè a te depann sou


- (1) ranfòsman endepandans politik pou nasyon karayibeyen yo
- (2) ankourajman pou libète komès nan nasyon ewopeyen yo
- (3) ranfòsman komès esklav nan Emisfè Oksidantal la (*Western Hemisphere*)
- (4) ranfòsman endistriyalizasyon koloni Amerik Disid yo

18 Pwopagasyon Islam nan wayòm Ghana ak Mali yo se konsekans

- (1) enperyalis
- (2) etnosantris
- (3) difizyon kiltirèl
- (4) otodetèminasyon

Baze repons ou pou kesyon 19 la sou kat ki pi ba la a epi sou konesans ou nan syans sosyal

**Kilti Sid Amerikèn
100-1535**




Sous: World History: *Patterns of Interaction*, McDougal Littell (adapte)

19 Ki konklizyon yon moun ka dedwi sou sosyete enkan an (Incan society) dapre kat la?

- (1) Yon sistèm woutye total te konekte tout pati Anpi a pou komès ka fèt.
- (2) Komès la te depann sou anpil pò maritim.
- (3) Kondisyon klima twopikal yo te egziste tou patou nan anpi an.
- (4) Yon lang ki sanble te inifye sivilizasyon enka yo.

Baze repons ou pou kesyon 20 an sou kat ki pi ba la a yo epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Vwayaj Zheng He pandan Dinasti Ming nan Lachin



Sous: Harriett Geller ak Erwin M. Rosenfeld, *Global Studies, Volume I, Asia, Africa, and Latin America*, Barrons Educational Services, Inc. (adapte)

20 Kòm konsekans vwayaj Zheng He yo, ki konklizyon moun ka dedwi sou dinasti Ming lan nan Lachin?

- (1) Lachin te jwenn plis avantaj nan mache afriken an pase nan mache azyatik la.
- (2) Islam vin tounen relijyon dominan an nan Lachin.
- (3) Dinasti Ming nan te tabli wout pou komès nan Ewòp.
- (4) Te vin genyen teknoloji navigasyon avanse nan Lachin.

21 Kiyès nan pawòl sa yo yon monak absoli te ka di pi vit?

- (1) «Gouvènman ki govène pi byen an, se limenm ki govène mwens.»
- (2) «Se mwenmenm ki leta a.»
- (3) «Gouvènman an dwe baze sou yon fondasyon solid.»
- (4) «Se palman an ki dwe fè lalwa yo.»

22 Konsekans Revolisyon Gloryèz ann Angletè a (Glorious Revolution) se te

- (1) bay prensip dwa diven an (*divine right rule*) plis fòs
- (2) fòmasyon yon monachi limite
- (3) afeblisman pouvwa labours (*power of the purse*) Palman an
- (4) fini ak dwa sivil ki te garanti nan Demann Dwa a (*Petition of Right*)

23 Youn nan similarite Revolisyon Syantifik la te genyen ak Syèk Limyè a se toude ki te

- (1) gen sipò Legliz Katolik Women
- (2) mete anpil valè nan kwayans tradisyonèl
- (3) souliyen valè rezònman imen
- (4) kontribye nan lafen feyodalis

24 «Ameriken koulye a yo, epi petèt pi plis pase jamè, ki viv nan sistèm panyòl la, okipe yon pozisyon nan sosyete a ki pa pi bon pase pozisyon sèvitè ki la pou travay, oswa pou pi plis, yo pa gen yon sitiyaasyon ki pi bon pase pa yon senp konsomatè. . . .»

Pawòl sa a, ki te ekri an septanm 1815, reprezante opinyon

- (1) Martin Luther
- (2) Catherine the Great
- (3) Simón Bolívar
- (4) Adam Smith (*Katrin Lagrann*)

25 «Si yon moun lib nan eta natirèl, si li se mèt absoli pwòp tèt li ak byen l yo, poukisa pou l abandone libète l? Poukisa pou l mete tèt li sou kontwòl nenpòt lòt moun oswa enstitisyon? Repons ki klè a, se paske dwa nan eta natirèl la toujou kite moun an danje devan atak lòt moun. Kòm tout moun egal epi pifò moun pa okipe enpòtans egalite ak jistis, jwisans dwa nan eta lanati a gen danje ladan l epi li pa gen sekirite. Ki fè, chak moun rantre nan sosyete ak lòt moun pou li ka prezève lavi l, libète l, ak byen l.»

— John Locke, *Two Treatises of Government*
(De [2] Trete Gouvènman), 1690

Deklarasyon sa a bay sipò pou

- (1) eliminasyon kapitalis lesefè a
- (2) fòmasyon gouvènman ki baze sou yon kontra sosyal
- (3) kontinyasyon monachi absoli
- (4) rejè filozofi dwa natirèl la

26 Ki ideyoloji 19yèm syèk ki te mennen inifikasyon Almay ak Itali epi ki te fini pa separe Otrich-Lawongri ak Anpi Ottoman nan?

- | | |
|----------------|---------------|
| (1) enperyalis | (3) liberalis |
| (2) nasyonalis | (4) sosyalis |

27 «Grangou sanble se dènye zam lanati genyen, epi se limenm ki pi redoutab. Pouvwa popilasyon an tèmnan pi fò pase pouvwa latè genyen pou li bay sibzistan pou moun, sa fè lanmò anvan lè, pou yon rezon oubyen yon lòt, vizite ras imen an. . . .»

— Thomas Malthus, «Essay on Population»
(«Esè sou Populasyon»), 1798

Youn nan rezon ki te pwouve prediksyon sa a te fo, se te ogmantasyon nan

- (1) pirifikasyon etnik
- (2) pwodiktive plantasyon yo
- (3) kantite lagè yo
- (4) kantite sechrès yo

Baze repons ou pou kesyon 28 ak 29, sou pasaj ki pi ba la a epi sou konesans ou nan syans sosyal.

«Se te yon vil ki te fèt ak brik wouj, oswa brik ki ta ka vin wouj si lafimen ak sann te pèmèt sa; men, jan bagay yo te ye a, se te yon vil ki te gen yon koulè wouj ak nwa ki pat natirèl, menm jan ak figi yon sovaj ki pentire. Se te yon vil ki te gen machin ak gwo chemine wo, epi ladan yo te gen lafimen an fòm sèpan ki pa janm fini, kap trennen tèt li san pran souf, epi san yo pa janm detache. Li te gen yon kannal nwa ladan l, epi yon rivyè ki mòv ak tout yon tenti ki gen move sant ladan. . . .»

— Charles Dickens, *Hard Times* (Moman Difisil)

28 Moun ki ekri pasaj sa a ap dekri kondisyon ki te vin genyen poutèt

- (1) Revolisyon Komèsyal la
- (2) Revolisyon Franse a
- (3) Revolisyon Endistriyèl la
- (4) Revolisyon Syantifik la

29 Ki pwoblèm ki sijè pasaj sa a?

- (1) inegalite ekonomik
- (2) polisyon nan vil
- (3) pa gen ase lalwa sou timoun kap travay
- (4) sistèm transpò ki pa bon

30 Youn nan rezon Restorasyon Meiji nan Japon te fèt, se paske

- (1) yo te pè pou peyi lwès yo pat kolonize Japon
- (2) echèk ekspansyon japonè a
- (3) konvèsyon Shogun nan krisyanite
- (4) yo vle rete izole

31 Nasyonalis ak militaris ki ogmante nan Ewòp ak kreyasyon alyans sekrè yo se te

- (1) rezon ki fè demokrasi avanse
- (2) lakòz Premye Gè Mondyal la
- (3) egzijans pou devlopman ekonomik
- (4) rezon ki fè kominis kraze

Baze repons ou pou kesyon 32 a sou tablo ki pi ba la a epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Estimasyon Defans Gran Pwisans yo, 1870–1914

(an milyon liv)

	1870	1880	1890	1900	1910	1914
Almay	10.8	20.4	28.8	41.0	64.0	110.8
Otrich-Lawongri	8.2	13.2	12.8	13.6	17.4	36.4
Lafrans	22.0	31.4	37.4	42.4	52.4	57.4
Grann Bretay	23.4	25.2	31.4	116.0	68.0	76.8
Itali	7.8	10.0	14.8	14.6	24.4	28.2
Larisi	22.0	29.6	29.0	40.8	63.4	88.2

Sous: A.J.P. Taylor, *The Struggle for Mastery in Europe: 1848–1918*, Oxford University Press (adapte)

32 Ki deklarasyon ki sipòte enfòmasyon ki nan tablo a pi byen?

- (1) Otrich-Lawongri pat an mezi pou yo fè gwo depans militè an 1880.
- (2) Lafrans te depanse pi plis lajan nan defans an 1900.
- (3) Almay te ogmante depans militè li byen vit apre 1890.
- (4) La Grann Bretay te eseye prepare pou yon lagè sou tè kap dire lontan.

33 Japonè yo, alman yo ak italyen yo te pouswiv yon politik ekspansyonis anvan Dezyèm Gè Mondyal pou yo te gen

- (1) resous natirèl
- (2) pò ki gen dlo cho
- (3) plant pou fabrikasyon
- (4) libète sou lanmè yo

34 Ki deklarasyon ki pi jis sou kesyon konsekans jeyografi sou istwa Lapolòy?

- (1) Baryè natirèl te izole epi yo te pwoteje Lapolòy
- (2) Plenn nan Ewòp Dinò te rann Lapolòy san defans devan envazyon.
- (3) Mòn yo te limite difizyon kilti polonè a.
- (4) Kòm pa genyen pò maritim, sa te limite kwasans ekonomik polonè.

35 Envazyon japonè te fè nan Mannchouri an 1931 ak rekonstriksyon militè Hitler te fè ann Almay an 1935 lan demontre


- (1) siksè alyans pou defans
- (2) lapè pou ekspansyon kominis
- (3) sipò pou Trete Vèsay la (*Treaty of Versailles*)
- (4) echèk Sosyete Nasyon yo (*League of Nations*)

36 Ki aksyon ki ilistre konsepsyon jenosid la?

- (1) negosyasyon lapè Britanik yo te fè ak Adolf Hitler pandan Konferans ki te fèt Minik an 1938 la (*Munich Conference*)
- (2) Adolf Hitler ak Joseph Stalin ki te siyen pak pou pa gen agresyon an 1939
- (3) lame nazi yo ki te elimine jwif yo ak lòt gwoup yo kòm yon pati nan Solisyon Final Hitler a
- (4) Jeneral alman yo ki te konplote kont Adolf Hitler

Baze repons ou pou kesyon 37 ak 38, sou kat ki pi ba la a yo epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Pei ki manm OPEP



Sous: Killoran, Zimmer, ak Jarret, *The Key to Understanding Global History*, Jarret Publishing (adapte)

37 Dapre kat la, ki rejyon sou latè ki gen pi plis kantite peyi ki fè pati Òganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl yo (OPEP) [*Organization of Petroleum Exporting Countries (OPEC)*]?

- (1) Mwayen Oryan
- (2) Afrik Disid
- (3) Amerik Dinò
- (4) Sidès Azi

38 Pouvwa ki posib pou peyi ki manm OPEP yo depann sou

- (1) enflyans politik yo nan rejyon twopikal yo
- (2) kontwòl yo genyen nan aksè nan kote ki gen relijyon enpòtan yo
- (3) kontwòl militè yo genyen sou wout navigab estratejik yo
- (4) enflyans ekonomik yo genyen sou peyi endistriyalize yo

39 Objektif Plan Marshall la se te pou

- (1) restore devlopman ekonomik japonè a
- (2) bay alye nan Mwayen Oryan yo èd militè
- (3) asire siksè nasyonalis la nan lagè sivil chinwa a
- (4) pèmèt rekiperasyon ekonomik nan Ewòp Oksidantal la

40 Doktrin Truman nan, Lagè Kore a, kriz nan Gwatemala a, ak envazyon sovyetik nan Afganistan an, tout se te

- (1) rezon pou Revolisyon Endistriyèl la
- (2) egzanp enperyalis japonè a
- (3) evenman Lagè Fwad la (*Cold War*)
- (4) lakòz Dezyèm Gè Mondyal la


41 Mikhail Gorbachev te mete politik glasnost ak perestroika a an plas pou

- (1) bay prensip ekonomik debaz kominis lan plis fòs
- (2) mennen Inyon Sovyetik nan Kominote Ekonomik Ewopeyen an
- (3) refòme Inyon Sovyetik politikman ak ekonomikman
- (4) jwenn konsantman pou eleksyon politik lib

42 Pandan fen 20yèm syèk la, nan ki zòn debwazman te vin tounen yon pwoblèm grav?

- (1) Gran Plenn Ewopeyen (*Great European Plain*)
- (2) Basen Amazòn
- (3) Plato Dekan (*Deccan Plateau*)
- (4) Vale Gran Rif la (*Great Rift Valley*)

Baze repons ou pou kesyon 43 a sou grafik ki pi ba la a yo epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Killoran, Zimmer, ak Jarret, *The Key to Understanding Global History*, Jarret Publishing

43 Pi bon konklizyon yon moun ka dedwi nan grafik yo se an 1991

- (1) te gen plis Boers pase britanik nan Afrik Disid
- (2) popilasyon nwa a te diminye poutèt emigrasyon
- (3) azyatik yo te kontwole yon pi gwo pòsyon nan revni an konparativman a popilasyon pa yo
- (4) blan yo te kontinye kontwole pi gwo kantite salè apre lafen apateyid la

Baze repons ou pou kesyon 44 la sou deklarasyon sa yo ki te parèt nan jounal an 1998.

«An repons a tès nikleyè yo, moun nan Nouvèl Delì te pran lari, yo te limen fedatifis, yo te remèsye divinite endou yo, epi yo te rele 'Bharat Mata Jai!' (Laviktwa pou Manman End).»

«Aswè a, Prezidan Bill Clinton te decide pou li enpoze sanksyon ekonomik sou gouvènman End lan pou detonasyon twa eksplozyon nikleyè souteren.»

44 Ki deklarasyon de (2) pasaj nan nouvèl sa yo te sipòte?

- (1) End te tonbe dèyè nan kous pou devlopman zam nikleyè a.
- (2) Etazini sipòte End ofisyèlman nan pwogram zam nikleyè a.
- (3) Moun nan End ak Etazini te reyaji nan jan ki diferan anpil pou tès nikleyè End te fè yo.
- (4) Devlopman zam nikleyè nan End ap amelyore chans ki genyen pou lapè nan zòn nan.

45 Pwoblèm deteryorasyon kouch ozòn latè a te kreye yo ak ogmantasyon kantite lapli asid lan sijere gen yon nesosite mondyal pou

- (1) enditriyalizasyon rapid ekonomi kap devlope yo
- (2) pi bon pwogram swen lasante
- (3) plant pwisans nikleyè kap pwodwi elektrisite
- (4) règleman ki pi fèm sou polisyon

46 Depi ane 1960 yo, rezon ki te pèmèt grangou te redwi nan anpil kote sou latè, se te

- (1) ibanizasyon ki ogmante
- (2) rechofman glòb la (*global warming*)
- (3) kapitalis lesefè a
- (4) Revolizyon Vèt la (*Green Revolution*)

47 Ki tit ki konplete pòsyon ki manke nan gran liy sa a pi byen?

I. _____

- A. Souzalimantasyon popilè (*Mass Starvation*) nan Ilann (1845–1850)
- B. Patisyon End (1947))
- C. Pèp Amerik Latin kap chèche travay nan Etazini (apre Dezyèm Gè Mondyal)
- D. Pirifikasyon Rasyal nan Balkan (1990s)

- (1) Kòz Migrasyon Mondyal
- (2) Kòz Endistriyalizasyon
- (3) Rezon pou Kolonyalis
- (4) Rezon pou Anpren Kiltirèl

48 *Devlopman nan Istwa Ewopeyen*

- A Refòm pwotestan
- B Peryòd feyodal
- C Revolisyon Endistriyèl
- D Revolisyon Neyolitik

Kiyès nan seri evenman sa yo ki ekri nan lòd kwonolojik kòrèk la?

- (1) $C \rightarrow A \rightarrow B \rightarrow D$
- (2) $D \rightarrow C \rightarrow B \rightarrow A$
- (3) $B \rightarrow D \rightarrow A \rightarrow C$
- (4) $D \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C$

49 Mahatma Gandhi ak Jomo Kenyatta te sanble paske yo toude te

- (1) sipòte politik kolonyal
- (2) te chèche pran endepandans nan men Grann Bretay
- (3) alatèt yon bòykotaj mondyal sou machandiz britanik
- (4) sèvi ak yon revolisyon vyolan pou te reyalize objektif yo

50 • Sini ak chiyit (Sunnis and Shiites) gen opinyon diferan sou kiyès ki dwe alatèt lafwa mizilman an.

- Koulye a, gen kèk endou ki obsève prensip kas (*Caste*) yo pi plis pase lòt.
- Pifò boudis fè pati de (2) sèk prensipal.
- Ni katolik ni pwotestan pratike krisyanite.

Ki jeneralizasyon enfòmasyon ki nan kat deklarasyon sa yo sipòte?

- (1) Nan anpil relijyon, gen yon seri kwayans ki egziste.
- (2) Yon kwayans nan yon bondye se yon bagay ki kòmen nan tout relijyon.
- (3) Yon yerachi kòmmanman egziste nan tout relijyon.
- (4) Relijyon ap vin mwen enpòtan pou moun.

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) **esplike** vle di «fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive»
- (b) **dekri** vle di «ilistre yon bagay avèk mo, oswa pale sou bagay la»
- (c) **evalye** vle di «analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay»
- (d) **konpare ak diferansye** vle di «fè konnen similarite ak diferans»

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman

Atravè listwa, revolisyon politik gen anpil kòz. Revolisyon sa yo afekte sosyete epi yo mennen anpil chanjman. Chanjman sa yo ka rezoud pwoblèm ki koze revolisyon yo tankou yo ka pa rezoud yo tou.

Objektif Travay la:

Chwazi **yon** revolisyon politik nan etid ou fè sou istwa jeneral ak jeyografi a epi:

- Esplike **kòz** revolisyon an
- Dekri **efè** revolisyon politik la te gen sou sosyete a
- Evalye si **chanjman** revolisyon politik yo te pote a te rezoud pwoblèm ki te koze revolisyon an

Ou ka sèvi ak nenpòt egzanp nan etid ou fè sou istwa jeneral la, men **pa sèvi ak Revolisyon Ameriken** an. Kèk nan sijesyon ou ta ka vle panse pou mete yo se Revolisyon Franse a (1789), Revolisyon Meksiken an (1910), Revolisyon Larisi an (1917), Revolisyon Chinwa a (1949), Revolisyon Kiben an (1959), oswa Revolisyon Iranyen an (1979).

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay la*
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay la* sèlman, epi rezime tèm nan pou konklizyon an

Twazyèm Pati**KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Faktè jeyografik zòn nan ak resous ki genyen yo gen konsekans sou istwa Grann Bretay ak Japon.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:


- Konpare epi diferansye konsekans faktè jeyografik tankou zòn ak resous ki disponib yo genyen sou devlopman politik ak ekonomik Grann Bretay ak Japon.

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1



Sous: Steven Goldberg ak Judith Clark DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice-Hall (adapte)

1 Kisa la Grann Bretay te ekspòte sou tout wout komès Atlantik yo? [1]

Score (Nòt)

Dokiman 2

Lè nou konpare avantaj Angletè genyen pou manifakti ak avantaj lòt peyi sa yo, nou pa ka neglije pozisyon komèsyal ekselan peyi a genyen an – entèmedyè ant Ewòp Dinò ak Ewòp Disid; epi sitiyasyon ensilè li [pozisyon zil la] ki, lè nou konbine li ak kontwòl li gen sou lanmè a, pwoteje teritwa nou an kont envazyon ak anmèdman. Oseyan Alman an, Lanmè Baltik la, ak Lamediterane se otowout regilye bato nou yo; epi pò nou genyen nan lwès yo kòmande yon pasaj ki pa bare [klè] vè Latlantik, epi chak ka [pati] nan lemonn.

Sous: Edward Baines, *History of the Cotton Manufacture in Great Britain*, A.M. Kelly

2 Dapre dokiman sa a, idantifye **de** (2) avantaj pozisyon Angletè te ba li. [2]

(1) _____

(2) _____

Score (Nòt)

Dokiman 3

. . . Men Angletè evolye anpil sou tou de (2) aspè yo. Li ni yon gwo pwisans kolonyal ni yon gwo pwisans endistriyèl alafwa. Epi li gen anpil chans pou l genyen kondisyon natirèl ki nesèsè pou siksè.

Kòm kondisyon natirèl yo limite endistri ak komès, sèl sa l bezwen se kontwòl lanmè a. Fabrik modèn fè yon gwoupman nan chan chabon yo, kote yo ka jwenn elektrisite a pou bon mache, posesyon bon jan pò enpòtan anpil pou komès maritim; yon peyi kote ki gen gwo rivyè kap koule byen dous epi ki sèvi kòm kannal natirèl ap gen avantaj nan kominikasyon enteryè sou yon peyi ki gen chenn montay ki divize li . . . Lè nou rekonèt Angletè rich nan avantaj sa yo, li gen chabon ak fè ki tou pre youn ak lòt, li gen mouton ki bay lenn, li gen anpil pò maritim, li pa manke rivyè, epi pa gen okenn kote nan peyi a ki pi lwen pase swasanndis (70) mil ak lanmè, nou pa menm di tout bagay. . . .

Sous: George T. Warner, *Landmarks in English Industrial History*, Blackie & Son Limited


3 Dapre dokiman sa a, ki **de** (2) avantaj jeyografi Grann Bretay te ba li? [2]

(1) _____

(2) _____

Score (Nòt)

Dokiman 4




Sous: Roger Beck ak Linda Black et al., *World History: Patterns of Interaction*, McDougal Littell (adapte)

4 Ki sa kat sa a montre sou ekstansyon Anpi Britanik la an 1910? [1]

Score (Nòt)

Dokiman 5

Difizyon kiltirèl ki soti Lachin 500 – 1 000 AD



5a Ki efè pozisyon Japon te genyen sou difizyon kiltirèl ki soti nan Lachin? [1]

Score (Nòt)

b Idantifye **yon** kontribisyon kiltirèl ki te soti nan Lachin ki al tonbe nan sosyete japonè a. [1]

Score (Nòt)

Dokiman 6

. . . Trè karakteristik Japon yo gen anpil bagay an kòmen ak ansyen Ela yo (Lagrès). Nan tou de, gen menm konbinezon mòn, vale ak plenn, [epi] gen yon rivaj ki dantle an pwofondè, epi li gen labè yo, preskil yo, ak zil lakòt yo. Gen kèk kote andedan ki lwen mòn yo, epi pa gen okenn kote ki lwen lanmè anpil. . . .

Teritwa a te gen bon pwoteksyon nan tout direksyon, malgre sa li te bay sou lanmè; epi tou, nan chak ka, te gen aksè lib pou komès ak sivilizasyon depi nan ansyen tan yo. . . .

Rivaj Japon ki dantle an pwofondè a te bay tout yon seri bon kalite pò sou kòt Pasifik la, epi bò lanmè yo te gen yon abondans tout kalite pwason. Tout kantite pwason sa a te vin tounen atik manje prensipal pèp la pandan plizyè syèk. Endistri lapèch la te ede bay Japon yon teren pou rekritman pou youn nan fòs maritim ki pi fò epi ki pi fòmidad nan tan modèn yo. . . .

Sous: Walter Weston, «*The Geography of Japan in Its Influence on the Character of the Japanese People,*» nan *The Japan Society of London, Transactions and Proceedings, XX* (1922–1923)

6 Dapre dokiman sa a, idantifye **de** (2) jan jeyografi te afekte devlopman Japon. [2]

(1) _____

(2) _____

Score (Nòt)

Dokiman 7

. . .Restorasyon [Meiji] te jwenn Japon [1868-1912] pratikman yon peyi agrikòl, tou senpman. Pat gen anpil endistri ki te gen enpòtans, si te genyen menm. Agrikiltè yo [fèmeye] te pwodwi ase manje pou bay tout peyi a, epi Japon tap sipòte tèt li nan tout sans. Menm taks se te ak diri yo te peye sa, epi fèmeye yo te nan yon grad ki pi wo lontan pase negosyan. Men, listwa demontre japonè yo, li difisil pou kenbe yon gwo nivo estanda enpòtans nasyonal lè revni teritwa a ak pwosperite pèp la depann absoliman sou si lapli tonbe ak kantite fwa solèy la parèt. . . .

Anplis nesosite, te gen yon lòt rezon yo te ka jwenn si yo te konnen kwasans endistriyèl ta ajoute anpil bagay sou pouvwa peyi a pa sèlman nan Ekstrèm Oryan, men nan peyi ewopeyen yo tou. Yo te rekonèt devlopman endistriyèl ak komèsyal te garanti enpòtans ak plis asirans pase pwisans militè, epi konkèt mache yo te pi efikas [efektif] pase destriksyon lame ak marin yo. Nan kapasite sa a, Japon te vle tounen Angletè nan Zòn Ès la

Sous: Alfred Stead, *Great Japan: A Study of National Efficiency*, John Lane Company


7a Idantifye **yon** trè karakteristik lavi ekonomik japonè anvan Restorasyon Meiji a. [1]

Score (Nòt)

b Idantifye **yon** jan Restorasyon Meiji a te chanje lavi ekonomik nan Japon. [1]

Score (Nòt)

Dokiman 8



Sous: Elisabeth Gaynor Ellis ak Anthony Esler, *World History Connections to Today: The Modern Era*, Prentice-Hall (adapte)

8 Dapre enfòmasyon ki sou kat sa a, di **yon** rezon ki ta fè Japon ta vle pran Kore ak Mannchouri. [1]

Score (Nòt)

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** (5) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Faktè jeyografik zòn nan ak resous ki genyen yo gen konsekans sou istwa Grann Bretay ak Japon.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou:

- Konpare epi diferansye konsekans faktè jeyografik tankou zòn ak resous ki disponib yo genyen sou devlopman politik ak ekonomik Grann Bretay ak Japon.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè *Objektif Travay la*; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **senk** (5) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay la* oswa *Kontèks Istorik la*, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Mèkredi, 29 janvyè 2003 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Fi

Non Elèv laG/F:
Non Pwofesè a
Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

Premye Pati

- 1..... 26.....
2..... 27.....
3..... 28.....
4..... 29.....
5..... 30.....
6..... 31.....
7..... 32.....
8..... 33.....
9..... 34.....
10..... 35.....
11..... 36.....
12..... 37.....
13..... 38.....
14..... 39.....
15..... 40.....
16..... 41.....
17..... 42.....
18..... 43.....
19..... 44.....
20..... 45.....
21..... 46.....
22..... 47.....
23..... 48.....
24..... 49.....
25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score

Part III A Score

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score

Part III B Essay Score

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Siyati

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.